

RESOUS CHÈLTÈ NAN KA IJANS

Sistèm fanmi chèltè Èd nan Ka Ijans Massachusetts (Massachusetts Emergency Assistance, EA) la pa gen ase plas pou resevwa tout fanmi yo touswit. Menmsi nou pa ka ofri w yon chèltè jodi a, nou vle ede w jwenn lòt opsyon lojman.

Ou gen plizyè opsyon:



1 Ou gendwa tounen nan kote sekirite ou te ye an dènye a.

Se ka kay fanmi oswa kay zanmi, kèlkeswa si se isit nan Massachusetts oswa lòt kote tou. Si ou bezwen èd pou peye pou yon bis, yon tren oswa yon avyon, fè nou konn sa.

2 Si ou bezwen èd pou peye pou lwaye oswa pou yon chanm nan yon kay isit nan Eta Massachusetts, nou kapab ede w gras ak yon pwogram ki rele HomeBASE.

Pwogram sa a se pou fanmi ki gen timoun ki poko gen 21 lane oubyen pou moun ki ansent. HomeBASE kapab ede peye yon pati nan lwaye w ak kèk lò depans toujou, jiska \$45,000 sou 3 lane. Lòt depans yo ka gen ladann acha mèb, depanse pou demenajman oswa bòdwo elektrisite, dlo, chofaj oswa telefòn. Konnen ke w ap dwe jwenn yon lojman pou lwe oswa w ap pataje ak yon lòt fanmi. Eta a p ap jwenn yon apatman pou w. Feyè HomeBASE ki tache la a bay plis detay sou pwogram sa a.

3 Ou ka aplike pou lòt benefis:

Koupon manje ak èd lajan kach: Pou jwenn èd pou manje (pwogram SNAP la) oswa è lajan kach (TAFDC), ou ka rele Nimewo Asistans DTA (Depatman Èd tranzisyonèl) a nan (877) 382-2363. Nimewo Èd DTA an louvri soti 8è:15 a.m. pou 4:45 p.m. lendi pou vandredi. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan <https://dtaconnect.eohhs.mass.gov>.

Èd pou imigrasyon: Men resous yo pou imigran toupatou nan Massachusetts. Pou jwenn yon lis resous yo, ou ka al gade nan <https://www.mass.gov/orgs/office-for-refugees-and-immigrants>.

1. Pwogram Èd pou Nitrisyon Siplemanè
2. Èd tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun ki Depandan

Gen plis enfòmasyon ak resous ki disponib sou pwochen paj yo. →

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

Executive Office of Housing & Livable Communities

Division of Housing Stabilization | Emergency Shelter Resources | Last Updated: 10/30/2023 | HAITIAN CREOLE



PLIS RESOUS

Èske gen plis resous Eta a ofri pou ede w ak lojman?

Wi, tanpri gade anba a pou jwenn plis resous ki disponib.

Resous pou ede peye pou lojman

Pale ak Kowòdonatè Sanzabri w

- : Fanmi yo ki elijib pou chètè EA gendwa elijib pou pwogram HomeBASE la. HomeBASE kapab ede peye pou yon pati nan lwaye w ak pou lòt depans toujou, jiska \$45,000 sou 3 lane. Si ou kalifye, ou ka chèche lojman epi apres a sèvi ak HomeBASE pou antre nan apatman an san ou pa bezwen ale nan yon chètè anvan.
- **RAFT:** Fwaye kay ki pa gen anpil revni ki gen oswa ki pa gen timoun kapab aplike pou pwogram RAFT la. RAFT kapab peye jiska \$7,000 pou ede ak lwaye ansanm ak pou lòt depans lojman pou kenbe moun lakay yo oswa pou ede yo demenaje.

Resous pou chèche pou lojman::

- **(Zòn Boston sèlman) Metro Housing Boston:** Li ofri yon lis inite apatman ki disponib: <https://www.metrohousingboston.org/apartment-listings/>.
- **Housing Navigator:** Li ofri yon lis lojman ki bon mache. Sonje, sèten lis datant ka pou mwa oswa ane. <https://housingnavigator.ma.org/>
- **CHAMP:** Li ofri yonsèl kote pou aplike pou sèten lojman leta. Sonje, pifò lis datant yo se pou mwa oswa ane. <https://publichousingapplication.ocd.state.ma.us/>

Kikote mwen ka ale pou jwenn plis èd?

Ou ka itilize wèbsayt <https://www.findhelp.org> .

La pou jwenn resous ki nan zòn ou.
<https://www.findhelp.org>

You can use **Mass2-1-1**.

This is a statewide, free hotline for information and referrals. It is available 24 hours a day, 7 days a week, 365 days a year. Help is available in many languages. Mass2-1-1 helps people in Massachusetts find programs to support basic needs like childcare, food, transportation, housing, and utility assistance, support if you are facing domestic violence, and connect you to resources for less urgent needs. There are three ways to access Mass2-1-1:

- **Koutfil:** Rele 2-1-1 nan telefòn ou
- **Tchat Wèb an dirèk:** Al gade nan [mass211.org](https://www.mass211.org) epi klike “211 CHAT” (anwo adwat)
- **Resous Wèb yo:** Al gade nan [mass211.org](https://www.mass211.org) epi klike “RESOURCES – SEARCH NOW” (RESOUS – CHÈCHE KOUNYE A)

OU ka vizite **Sant Akèy Fanmi yo**.

Sant yo louvri toupato nan Massachusetts pou sipòte fanmi yo jwenn aksè nan resous pou reponn ak bezwen debaz yo. Ou ka konekte sou wèbsayt <https://www.frma.org/> la pou jwenn adrès nan zòn ou.

Ou ka vizite **Sant Akèy Fanmi yo**.

Sant sa yo louvri nan de (2) kote nan zòn Boston. Sant Akèy Fanmi yo louvri lendi pou **vendredi 8è a.m.- 5è p.m. ak samdi pou dimanch 9è a.m. 3è p.m.** Sant Akèy Fanmi yo kapab kontre ak fanmi yo pou chèche konnen sa yo bezwen. Yo ka ede fanmi yo aplike pou avantaj manje ak lajan kach atravè Depatman Èd tranzisyonèl. Fanmi yo kapab jwenn atik rezèv tankou kouchèt, pwodui ijyèn ak melanj pou tibebe. Sant Akèy Fanmi yo kapab ede fanmi yo jwenn lòt resous nan kominote a. Adrès de (2) Sant Akèy Fanmi yo se:

- Family Welcome Center Allston: 14 Harvard Ave, Allston, MA
- Family Welcome Center Quincy: Cove Fine Arts Building, 56 Wendell Ave, Quincy, MA



PWOSESIS LIS DATANT POU CHÈLTÈ

Èske sistèm chèltè a pral gen plis inite chèltè pi devan?

Wi, men yon kantite ki trè piti. Pou kounye a, n ap mete sou lis datant tout fanmi ki elijib yo ki pa t resevwa lojman nan chèltè. Si gen yon plas ki libere, nou pral esete kontakte w nan telefòn, imèl ak mesaj tèks. Tanpri bannou tout kantite fason pou kontakte w jan ou kapab, epi pa bliye tcheke imèl ou epi reponn telefòn ou an.

Kisa ki rive lè yon plas nan chèltè vin disponib pou fanmi mwen?

Si ou sou lis datant pou yon chèltè epi yon plas vin disponib pou w, men pwochen etap yo:

1 **Eta a pral rele, imèl epi voye mesaj tèks pou w pou enfòmasyon w ke gen yon plas nan chèltè pou w. (Verifiye si nou gen nimewo selilè ak imèl ou an)**

2 **Pou aksepte chanm ou nan yon chèltè, ou gen jiska 12è p.m. nan PWOCHEN jou ouvrab la pou reponn.**

Pou egzanp: Ou resevwa yon apèl, yon imèl ak yon mesaj tèks a 11è a.m. nan lendi. Pou yo ka plase w ou DWE rele oswa imèl oswa voye yon tèks madi a 12è p.m. oplita.

- Si ou pa reponn a 12è p.m. pou pli ta pwochen kou ouvrab la, Eta a pral kontinye ak pwochen moun ki sou lis datant la.
- Yo P AP retire sou lis datant la ni ou P AP pèdi plas ou nan ke a si ou pa reponn vit ase pou premye fwa a. SEPANDAN, yo pral refize w nan pwogram nan si yo ofri w yon plas nan chèltè twa (3) fwa epi ou pa reponn a 12è p.m. pou pita pwochen jou a chak fwa.

3 **Rive nan chèltè a**

- W ap dwe rive nan chèltè a ak tout zafè w yo a 5è p.m. pou pli ta. Ou kapab pote sèlman de (2) sak pou chak moun. Chak sak pa ka pi gwo pase yon sak poubèl 30 galon.
- Si ou bezwen èd pou rive nan chèltè, Eta a pralede w jwenn yon woulib. Ou dwe pare pou yo vin chèche w bonè jan sa posib apre yo konfime woulib la ap vini.

Kijan mwen kapab fè pou yo mete m sou lis datant la?

- Ou ka rele **nan (866) 584-0653** ant 8è a.m. ak 5è p.m., lendi pou vandredi, pou chèche konnen si ou toujou sou lis datant oswa si gen yon chanm ki pare pou w nan yon chèltè.
- Si poko gen okenn chanm ki pare, Eta a P AP KAPAB di w konbyen tan sa va pran.
- Ou gendwa rele tou nan (866) 584-0653 pou di nou si te gen yon chanm nan eta sante w epi si ou panse ou ta dwe refè egzamen yo.
- ***Pa bliye*:** Si ou pa bannou tout dokiman ki nesès pou montre ou elijib pou Chèltè Ijans EA pou Fanmi, yo pral refize w apre 30 jou. Ou ka aplike ankò pita si ou gen tout dokiman yo. Tanpri kontinye travay ak yon Kowòdonatè Sanzabri k ap jere pwosesis admisyon w lan pou asire l ke ou te bannou tout dokiman yo.

E si mwen gen plis kesyon konsènan pwogram chèltè ijans pou fanmi a?

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan www.mass.gov/how-to/apply-for-ea-emergency-family-shelter. Adrès pou moun ki deplase vini yo liste nan tablo ki anba la a.

Zòn	Adrès	Kilè li louvri
Boston	2201 Washington St, Roxbury, MA 02119	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Brockton	60 Main Street, Brockton MA 02301	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Chelsea	80 Everett Avenue, Chelsea, MA 02150	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Hyannis	181 North Street, Hyannis MA 02601	Madi 8è a.m. – 5è p.m.
Lawrence	280 Merrimack Street, Lawrence MA 01843	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Lowell	131 Davidson Street, Lowell MA 01852	Jedi 8è a.m. – 5è p.m.
New Bedford	160 West Rodney French Boulevard, New Bedford MA 02744	Lendi, Mèkredi, Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Salem	45 Congress Street, Suite 4120, Salem MA 01970	Lendi, Mèkredi, Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Springfield	243 Cottage Street, Springfield, MA 01104	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.
Worcester	50 Southwest Cutoff, Worcester, MA 01604	Lendi – Vandredi 8è a.m. – 5è p.m.

